



## REKÒMANDASYON PWOVIZWA POU AKTIVITE BIZNIS VANT AN DETAY SOU TWOTWA PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

### Lè w fin li dokiman sa a, ou kapab afime anba li.

Nan dat 13 me 2020

#### Objektif

Yo te kreye Rekòmandasyon Pwovizwa sa yo pou Aktivite Biznis Vant an Detay sou Twotwa pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Rekòmandasyon Pwovizwa COVID-19 pou Aktivite Biznis Vant an Detay sou Twotwa") pou bay mèt/administratè biznis vant an detay yo k ap fonksyone avèk pase pran sou twotwa sèlman ak anplwaye yo ak founisè sèvis yo prekosyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 pandan biznis vant an detay yo ap re-ouvè pou aktivite sou twotwa.

Rekòmandasyon sa yo se egzijans minimòm sèlman epi tout patwon te mèt pran plis prekosyon oswa mete plis restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman Faz I re-ouvèti Eta a, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi chanje souvan. Pati Responsab yo – jan yo defini pi ba a – responsab respekte tout egzijans lokal, eta ak federal ki gen pou wè avèk aktivite biznis vant an detay sou twotwa. Pati Responsab yo responsab tou pou yo toujou okouran tout chanjman nan egzijans yo, epitou pou yo fè yo antre nan tout aktivite biznis vant an detay sou twotwa ak/oswa Plan Sekirite pou Lokal la.

#### Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, dwe gen yon distans sosyal omwen sis pye ant moun yo, lè sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki te bay tout biznis ki pa esansyèl yo lòd pou yo sispann fonksyone avèk pèsònèl nan biwo. Biznis esansyèl yo, jan yo defini nan rekòmandasyon Empire State Development Corporation (ESD), pa t gen restriksyon sou aktivite an pèsònèl nan sou yo, men yo te resevwa lòd, sepandan, pou yo respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak san danje Depatman Sante a (Department of Health, DOH) te pibliye yo, epi yo te ankouraje yo anpil pou yo kenbe mezi distans sosyal jan sa pozib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki te bay biznis esansyèl yo lòd pou yo bay anplwaye yo, ki prezan nan lye travay la, bagay pou kouvri figi yo, gratis, pou yo itilize lè y an kontak dirèk avèk kliyan yo oswa avèk manm piblik la nan kad travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki te bay lòd pou tout moun ki gen plis pase laj dezan epi ki kapab sou plan medikal tolere pou figi yo kouvri, kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon bagay an twal pou kouvri figi lè yo nan kote piblik epi yo pa ka kenbe, oswa yo pa kenbe, distans sosyal. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki te bay lòd pou tout moun ki nan transpòtè piblik oswa prive oswa lòt veyikil pou lwe, ki gen plis pase laj dezan epi ki kapab sou plan medikal tolere pou figi yo kouvri, mete yon mask oswa yon bagay pou kouvri figi yo sou nen ak bouch yo pandan nenpòt ki depasman konsa. Li te bay lòd tou pou operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive yo mete yon bagay pou kouvri figi yo oswa yon mask ki kouvri nen ak bouch yo pandan gen lòt pasaje nan veyikil sa a.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tèl dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis ni esansyèl ni ki pa esansyèl dwe kontinye respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York pibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

## **Nòm yo pou Aktivite Biznis Vant an Detay sou Twotwa Responsab nan Eta New York**

Pa gen aktivite biznis sou twotwa ki kapab fèt san respè nòm Eta minimòm ki annapre yo, epitou egzijans federal ki aplikab yo, tankou pami lòt bagay nòm minimòm Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) Depatman Travay Etazini an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki nan rekòmandasyon sa yo aplike pou tout aktivite vant an detay sou twotwa – ni esansyèl ni pa esansyèl – k ap fonksyone pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo. Mèt biznis vant an detay sou twotwa a, oswa yon lòt pati mèt biznis la deziyen (kèlkeswa ka a, “Pati Responsab yo”), ap responsab respè nòm sa yo.

Rekòmandasyon ki annapre yo òganize toutotou twa kategori diferan: moun, kote, ak pwosede.

## **I. MOUN**

### **A. Distans Fizik**

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou nan tout aktivite vant an detay sou twotwa, prezans mendèv la limite a anplwaye ki nesesè yo pou fè aktivite sou twotwa yo sèlman, men a pa plis pase 50% kantite moun maksimòm nan pou yon zòn an patikilye jan sètifika okipasyon an fikse li; epi
- Pati Responsab yo dwe garanti toujou gen yon distans omwen sis pye ant anplwaye yo, sòf si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans pi kout (paregzanp sèvi avèk kès, deplase ak leve machandiz). Depi anplwaye yo dwe vin a yon distans ki mwens pase sis pye yon lòt moun, yo dwe mete bagay akseptab pou kouvri figi. Anplwaye yo dwe pare pou kouvri figi yo si yon lòt moun vin sanzatann a yon distans ki mwens pase sis pye.
  - Pami lòt bagay ki akseptab yo pou kouvri figi pou COVID-19 gen bagay an twal pou kouvri figi ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
  - Sepandan, bagay pou kouvri figi an twal, dispozab, oswa lòt bagay pou kouvri figi ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) ki sèvi dapre nòm endistri ki la deja yo dwe kontinye sèvi, jan sa defini konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo.

- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite espas travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou anplwaye gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt oswa lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas travay yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distans la pa posib ant pòs oswa espas travay yo, Pati Responsab yo dwe bay bagay pou kouvri figi epi egzije itilizasyon yo oswa mete baryè fizik, tankou mi plastik, nan plas bagay ki kouvri figi nan zòn kote yo p ap jennen ni sikilasyon lè, ni chofaj, ni refwadisman, ni ayerasyon.
  - Yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo.
  - Pami opsyon baryè fizik yo gen: rido an plastik epè, plexiglas oswa materyo menm jan an, oswa lòt separasyon owa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab Yo dwe pran mezi ki annapre yo pou fasilite pase pran sou twotwa, konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo “Rekòmandasyon pou Restoran ak Vandè Bwason ki Ofri A Anpote oswa Pase Pran sou Twotwa pandan COVID-19” (COVID-19 Guidance for Restaurants & Beverage Vendors Offering Takeout or Curbside Pickup):
  - Mete yon endikasyon sou pòt la oswa sou twotwa a ki bay sèvis ki disponib yo, estriksyon pou kòmande ak pase pran, ak orè fonksyonman an.
  - Rezève plas pakin toupre pòt devan an pou pase pran sou twotwa sèlman, si sa aplikab.
  - Evite bay men nan men, lè sa posib.
  - Bay entèval lè pou pase pran pou espase arive kliyan yo.
  - Ankouraje kliyan yo vin pran machandiz yo youn alafwa pandan kliyan ki rete yo ap tann a yon distans sis pye oswa nan machin.
  - Fè kliyan yo sonje nesosite pou yo kouvri figi yo, sitou lè yon distans ki mwens pase sis pye youn de lòt pa posib.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo pou yo sèvi avèk opsyon peman san manyen oswa pou yo peye alavans, lè sa disponib. Minimize manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, depi sa posib.
- N ankouraje Pati Responsab yo pou yo chanje aranjman magazen yo pou anplwaye yo kapab gen yon distans omwen sis pye ki separe yo nan tout direksyon, sòf si gen baryè fizik anplas (paregzanp Plexiglas oswa klwazon nan kès yo).
  - Pati Responsab yo dwe egzije pou anplwaye yo mete mask pou figi an twal lè y ap an kontak avèk kliyan yo.
  - Pati Responsab yo dwe rezève kont espas pou anplwaye yo travay, avèk an konsiderasyon bonjan distans sosyal (paregzanp fèmèn zòn ki kenbe anpil moun yo, re-ranje enstalasyon yo, fè anplwaye yo altène kès yo).
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas fèmèn (paregzanp ti depo, dèyè kès, reyon machandiz jis, asansè, depo), sòf si tout anplwaye ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas la, sòf si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo dwe ogmante ayerasyon avèk lè deyò leplis posib (paregzanp ouvè fenèt, kite pòt ouvè), men an menm tan kenbe pwotokòl sekirite yo.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou redui sikilasyon apye nan de sans avèk tep oswa panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo, epi afiche endikasyon epi make distans sis pye nan tout zòn komen yo ak tout zòn kote yo souvan fòme liy oswa kote moun gen dwa rasanble (paregzanp pòs anrejistremant arive/depa, pòs evalyasyon medikal, sal repo, zòn kès yo, vestyè yo, elatriye).

- Pati Responsab yo dwe mete panno andeyò magazen an pou fè moun sonje pou yo respekte enstriksyon sou distans sosyal yo.
- Pati Responsab yo dwe mete panno, ki annakò avèk panno DOH pou COVID-19 yo. Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou lye oswa kad travay yo, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Endikasyon yo dwe sèvi pou fè anplwaye yo sonje pou yo:
  - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon mask oswa yon bagay ki kouvri figi yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal sis pye a.
  - Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesèsè, jete ekipman pwoteksyon pèsònèl yo.
  - Respekte enstriksyon sou distans fizik yo.
  - Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.
  - Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj.

## B. Rasanbleman nan Espas Fèmen

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsonn (paregzanp reyinyon anplwaye, sal repo, depo) nan mezi sa posib epi sèvi avèk lòt metòd tankou konferans pa videyo oswa telekonferans depi sa posib, dapre rekòmandasyon CDC yo “[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo Planifye ak Reyaji a Maladi Kowonaviris 2019 la \(COVID-19\)](#)” (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans pa videyo oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo sote yon chèz).
- Pati Responsab yo dwe mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki fèmen, tankou twalèt ak sal repo, epi yo dwe elabore endikasyon ak sistèm (paregzanp make okipe) pou mete restriksyon sou kantite moun yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal nan zòn sa yo; epi
- Pati Responsab yo dwe espase orè yo pou anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (paregzanp, sis pye espas) pou tout reyinyon (paregzanp pandan y ap pran repo, espas ant machin yo k ap pase pran machandiz yo).

## C. Aktivite nan Lye Travay la

- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redui kontak ant moun ak rasanbleman, gras a metòd tankou:
  - limite prezans an pèsonn a pèsònèl ki gen nesèsite pou yo nan lokal la sèlman;
  - ajiste orè lye travay la pou distribye sikilasyon anplwaye ak kliyan sou peryòd tan pi long;
  - redui mendèv ki sou plas la pou satisfè rekòmandasyon sou distans sosyal yo;
  - òganize woulman travay yo (paregzanp ekip A/B, lè arive/depa espase); ak/oswa
  - regwoupe aktivite yo, lè sa posib, pou anplwaye yo kapab respekte distans sosyal la epi redui kantite men ki manyen pwodui yo an menm tan (paregzanp yon anplwaye fè tout anbalaj yo epi yon lòt anplwaye fè livrezon an).
- Pati Responsab yo dwe ajiste orè vant yo jan sa nesèsè pou pèmèt pi bon pwosedi netwayaj.

## D. Sikilasyon ak Komès

- Pati Responsab yo dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl nan lokal la.
- Pati responsab yo dwe etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak fè livrezon, avèk lemwens kontak posib.
- Pati Responsab yo dwe ranje zòn datant pou kliyan yo (paregzanp liy, plas pakin) pou maksimize distans sosyal la avèk lòt kliyan yo epi minimize kontak avèk lòt moun ki nan zòn nan.
  - Lè sa posib, Pati Responsab yo dwe mete sou pye yon sistèm livrezon san manyen kote kliyan yo rete nan machin nan pandan livrezon an ap fèt.
- Pou livrezon machandiz, Pati Responsab yo dwe mete sou pye yon sistèm livrezon san manyen kote chofè yo rete andedan machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, lè sa pa posib, Pati Responsab yo dwe bay ekipman pwoteksyon pèsònèl akseptab ki apwopriye pou aktivite yo prevwa yo ki gen ladan yo, ominimòm, yon bagay an twal pou kouvri figi pou travayè livrezon yo gratis pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe dezenfekte men yo anvan ak apre yo transfere yon chay (paregzanp sòti nan men yon chofè livrezon) oswa yon machandiz (paregzanp dezenfekte men yo anvan yo kòmanse chaje atik; epi lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa dezenfekte men yo ankò).

## II. KOTE

### A. Ekipman Pwoteksyon

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou anplwaye yo kouvri figi yo lè y an kontak avèk kliyan oswa kòlèg a yon distans ki mwens pase sis pye AK san baryè fizik (paregzanp plexiglas).
- Anplis ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) ki nesèsè yo dapre sa sèten aktivite nan lye travay la egzije, Pati Responsab yo dwe achte, fabrike, oswa jwenn yon lòt jan bagay akseptab pou kouvri figi epi bay anplwaye yo bagay pou kouvri figi sa yo pandan yo nan travay gratis pou anplwaye a. Pati Responsab yo dwe gen yon kont rezèv bagay pou kouvri figi, mask ak lòt PPE obligatwa soulamen pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase sa l genyen an oswa pou si yon vizitè esansyèl ta bezwen. Bagay pou kouvri figi ki akseptab yo, pami lòt, se sa ki fèt an twal (paregzanp bandana ki koupe ak koud lakay), mask chirijikal, respiratè N95, ak ekran pou figi.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase bagay pou kouvri figi yo lè yo fin sèvi epi de moun pa kapab sèvi avèk yo. Tanpri konsilte rekòmasyon CDC yo pou plis enfòmasyon sou bagay an twal pou kouvri figi ak lòt kalite ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), epitou pou enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj.
  - Pran nòt yo p ap konsidere bagay an twal pou kouvri figi yo ak mask dispozab kòm bagay pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan lye travay ki enpoze yon degre pwoteksyon pi wo pou egzijans kouvri figi yo. Paregzanp, si respiratè N95 abityèlman obligatwa pou sèten aktivite komès an gwo, yon mask an twal oswa ki fèt lakay p ap sifi. Pati Responsab yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo.
- Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye yo sèvi avèk pwòp bagay pou kouvri figi akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye yo vini avèk pwòp bagay pa yo pou kouvri figi yo. Anplis de sa, rekòmasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE poutèt nati travay yo. Patwon yo dwe respekte tout nòm OSHA ki aplikab yo.

- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou limite kantite moun ki manyen bagay, tankou bagay, zouti, kès, ak machin, epitou kantite moun ki manyen menm sifas yo; oswa, egzije pou travayè yo mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal) lè y an kontak avèk bagay lòt moun manyen oswa sifas moun manyen souvan; oswa, egzije pou travayè yo dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe verifye anlwaye yo mete gan pandan y ap manyen kèlkeswa pwodui alimantè a.
- Pati Responsab yo dwe fòme travayè yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye (si sa plikab), ak jete PPE yo kòm sadwa, sa gen ladan pami lòt, bagay apwopriye pou kouvri figi.

## B. Ijyèn ak Netwayaj

- Pati Responsab yo dwe fè respekte egzijans ijyèn ak sanitasyon yo jan CDC ak DOH konseye yo, sa gen ladan “[Rekòmandasyon pou Netwaye ak Dezenfekte Lokal Piblik ak Prive pou COVID-19](#)” (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afich “[SISPANN PWOPAGASYON AN](#)” (STOP THE SPREAD), si sa aplikab. Pati responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen ladan yo dat, lè ak etandi netwayaj la.
- Pati Responsab yo dwe bay ak kenbe pòs ijyèn men sou plas, konsa:
  - Pou lave men: savon, dlo tyèd nan wobinè, ak sèvyèt papye dispozab.
  - Pou dezenfektan: yon dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan pou zòn kote enstalasyon pou lave men yo gen dwa pa disponib oswa pratik.
- Pati Responsab yo dwe bay founiti pou netwaye/dezenfekte apwopriye pou sifas plizyè moun manyen ak sifas mou manyen souvan yo epi ankouraje anlwaye yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi pou yo pratike ijyèn men apre sa.
- Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte magazen an regilyèman epi netwaye ak dezenfekte pi souvan zòn ki gen anpil risk yo anpil moun itilize ak sifas yo manyen souvan yo. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesesè. Tanpri gade “[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Lokal Piblik ak Prive pou COVID-19](#)” (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH la pou enstriksyon detaye sou kijan pou netwaye lokal yo.
  - Pati Responsab yo dwe fè netwaye ak dezenfekte twalèt yo regilyèman. Yo dwe netwaye twalèt yo pi souvan dapre kantite fwa yo sèvi.
    - Pati Responsab yo dwe fè respekte règ distans yo gras a rediksyon kapasite twalèt yo lè sa posib.
  - Pati Responsab yo dwe fè dezenfekte ekipman yo regilyèman avèk dezenfektan ki anrejistre, omwen chak fwa anlwaye yo chanje pòs travay. Gade lis pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York epi EPA idantifye kòm kwa yo bay rezilta kont COVID-19.
  - Si pwodui pou netwaye ak dezenfekte yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa ekipman yo, Pati Responsab yo dwe mete anplas pòs ijyèn men ak/oswa bay gan dispozab ak/oswa limite kantite anlwaye k ap sèvi avèk ekipman sa yo.
- Pati Responsab yo dwe prevwa pou yo netwaye ak dezenfekte zòn ki ekspozè yo pou sizoka ta gen yon anlwaye ki se yon ka COVID-19 pozitif, epi netwayaj sa a dwe gen ladan, ominimòm, tout zòn ki gen anpil sikilasyon yo ak sifas anpil moun manyen yo (paregzanp distribitè otomatik, ranp, twalèt, manch pòt).

- Rekòmandasyon CDC yo sou “[Netwaye ak Dezenfekte Lokal Ou a](#)” (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa konfime yon moun gen enfeksyon COVID-19 se:
  - Fèmen tout zòn moun ki malad la te itilize.
    - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen sispann fonksyonman, si yo kapab fèmen zòn ki touche yo.
  - Ouvè pòt ak fenèt ki bay sou deyò pou ogmante sikilasyon lè nan zòn nan.
  - Tann 24 èdtan anvan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann leplis ou kapab.
  - Netwaye ak dezenfekte tout zòn moun ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman plizyè moun itilize.
  - Lè zòn nan fin dezenfekte kòm sadwa, yo kapab ouvè l pou itilizasyon.
    - Anplwaye ki pa t gen kontak rapwoche avèk moun ki malad la kapab retounen nan zòn travay la touswit apre li fin dezenfekte.
      - Dapre “[Evalyasyon ak Tès pou Moun pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)” (Evaluating and Testing Persons for Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)) CDC a, pami konsiderasyon yo lè y ap evalye kontak sere gen dire kontak la (paregzanp plis tan kontak ap siman ogmante risk kontak la) ak sentòm klinik moun ki gen COVID-19 la (paregzanp touse ogmante risk kontak yo menm jan ak kontak avèk yon pasyan ki malad anpil).
  - Si gen plis pase sèt jou ki pase depi moun ki malad la te vini oswa te sèvi avèk magazen an, li pa nesèsè ankò pou netwaye ak dezenfekte plis, men yo dwe kontinye netwaye ak dezenfekte jan sa abitye fèt la.
- Pati Responsab yo dwe pare yon plan pou resevwa ak revann machandiz yo pote remèt, oswa chanje règleman yo pou pwoteje anplwaye yo ak kliyan yo.
- Pou aktivite vant an detay ki gen ladan yo manyen bagay (paregzanp aparèy peman), zòn (paregzanp zòn pou pase pran), ak/oswa sifas (paregzanp pòt) lòt moun manyen, Pati Responsab yo dwe fè netwaye zòn sa yo ak bagay sa yo chak jou, ominimòm.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou moun separe manje ak bwason (paregzanp bifè), ankouraje yo pote manje sòti lakay yo, epi rezève kont espas pou anplwaye yo respekte distans sosyal pandan y ap manje.

### C. Re-ouvèti pa Faz

- N ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyonman yo kapab rezoud anvan aktivite pwodiksyon oswa travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab yo dwe panse a limite kantite anplwaye, lè, ak kantite kliyan ki disponib pou yo sèvi lè yo fèk re-ouvè pou bay fonksyonman an chans ajiste a chanjman yo.

### D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime yo li ak konprann rekòmandasyon eta a pibliye pou endistri an, epi y ap aplike yo.
- Pati Responsab yo dwe elabore yon plan kominikasyon pou anplwaye yo, vizitè yo, ak kliyan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak menm metòd yo pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo gen dwa reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.

- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi lè yo pa kapab kenbe yon distans sosyal 6 pye, gras a kominikasyon pale ak panno.
- Pati Responsab yo dwe mete panno andedan ak andeyò magazen an pou fè pèsònèl la ak kliyan yo sonje pou yo respekte bonjan ijyèn, règ distans sosyal yo, itilizasyon apwopriye PPE, ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo.

### III. PWOSEDE

#### A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou.
  - Depistaj yo te mèt fèt a distans (paregzanp pa telefòn oswa pa kesyonnnè elektwonik), anvan w al nan magazen an, nan mezi sa posib; oswa yo te mèt fèt sou plas.
  - Yo dwe kowòdone depistaj la yon jan pou anpeche anplwaye yo mele an kontak rapwoche youn ak lòt anvan yo fè depistaj la.
  - Ominimòm, depistaj la dwe obligatwa pou tout travayè ak vizitè esansyèl (men pa pou kliyan) epi fèt gras a yon kesyonnnè k ap gade si travayè oswa vizitè a te:
    - (a) konnen li te an kontak sere oswa rapwoche nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tès COVID-19 pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19,
    - (b) te gen tès COVID-19 pozitif nan 14 dènye jou yo, oswa
    - (c) te gen nenpòt ki sentòm COVID-19 nan 14 dènye jou yo.
- Dapre rekòmandasyon CDC yo sou “Sentòm Kowonaviris” (Symptoms of Coronavirus), ekspresyon “ki gen sentòm” nan vle di anplwaye ki gen sentòm oswa konbinezon sentòm ki annapre yo: lafyè, tous, souf kout, oswa omwen de nan sentòm ki annapre yo: lafyè, frison, latranblad ak frison, doulè nan mis, maltèt, malgòj, oswa fèk pèdi sans gou ak sant.
- Pati Responsab yo dwe egzije pou anplwaye yo di touswit si ak ki lè repons yo pou nenpòt nan kesyon nou mansyone pi wo yo chanje, tankou si yo kòmanse gen sentòm, sa gen ladan pandan oswa andeyò lè travay.
- Yo gen dwa fè kontwòl tanperati chak jou tou dapre rekòmandasyon Komisyon sou Opòtinite Anplwa Egal la (Equal Employment Opportunity Commission) oswa rekòmandasyon DOH yo. Pati Responsab yo gen entèdiksyon pou yo kenbe dosye sou done sante anplwaye yo (paregzanp done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout manm pèsònèl k ap fè aktivite depistaj, sa gen ladan kontwòl tanperati, byen pwoteje kont kontak avèk anplwaye oswa vizitè ki gen posibilite pou yo kontajye k ap antre nan magazen an. Manm pèsònèl la k ap fè aktivite depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.
- Moun k ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon mask pou figi, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon ekran pou figi.
- Yo pa dwe kite yon anplwaye ki gen depistaj sentòm COVID-19 pozitif antre nan lye travay la epi yo dwe voye l lakay li avèk enstriksyon pou l kontakte pwofesyonèl medikal li pou evalyasyon ak tès.



Pati Responsab yo dwe mete depatman sante lokal la ak DOH okouran ka sispèk la touswit. Pati Responsab yo dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou resous medikal ak tè.

- Yo pa dwe kite yon anplwaye ki reponn li te gen kontak sere avèk yon moun yo konfime oswa sispèk li gen COVID-19 antre nan magazen an san li pa respekte prekosyon ki dekri pi ba a yo epi san Pati Responsab yo pa dokimante anplwaye a respekte prekosyon sa yo.
- Pati Responsab yo dwe gade tout repons anplwaye ak vizitè yo rasanble pandan pwosesis depistaj la chak jou epi kenbe yon dosye sou egzamen sa a. Pati Responsab yo dwe idantifye tou yon kontak kòm pati pou anplwaye a mete okouran si pi ta li gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a.
- Pati responsab yo dwe deziyen yon moun pou kontwole sekirite lokal la ki gen kòm responsabilite respè konstan tout aspè yo nan plan sekirite lokal la.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon jounal tout moun, sa gen ladan travayè ak vizitè, ki te gen dwa gen kontak sere avèk lòt moun nan lye oswa zòn travay la; livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak pa ladan. Jounal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, yon fason pou yo kapab idantifye, retrace epi mete okouran tout kontak yo, nan ka yon anplwaye ta dyagnostike avèk COVID-19. Pati Responsab yo dwe kopere avèk efò pou retrace kontak depatman sante lokal la ap fè yo.
- Pati responsab yo pa kapab egzije pou yo fè depistaj sou kliyan yo ni pou yo bay enfòmasyon pou kontakte yo men yo gen dwa ankourahe kliyan yo fè sa. Pati Responsab yo gen dwa ofri yon opsyon pou kliyan yo bay enfòmasyon pou kontakte yo pou yo kapab enskri yo ak kontakte yo lè y ap retrace kontak, si sa nesèsè.
- Patwon yo ak anplwaye yo dwe pran mezi ki annapre yo nan sa ki gen pou wè avèk sentòm ak kontak COVID-19:
  - Si yon anplwaye gen sentòm COVID-19 EPI OSWA tè li pozitif pou COVID-19 OSWA li pa t fè tè, anplwaye a gen dwa retounen nan travay sèlman lè l fin pase 14 jou nan karantèn. Si yon anplwaye enpòtan anpil pou fonksyonman oswa sekirite yon lokal, Pati Responsab yo dwe konsilte depatman sante lokal yo a sou dènye nòm CDC ak DOH yo sou kantite jou karantèn minimòm yon anplwaye dwe pase anvan li kapab san danje retounen nan travay avèk prekosyon anplis pou redui risk transmisyon COVID-19 la.
  - Si yon anplwaye PA gen sentòm COVID-19 MEN tè li pozitif pou COVID-19, anplwaye an gen dwa retounen nan travay sèlman lè li fin pase 14 jou nan karantèn. Si yon anplwaye enpòtan anpil pou fonksyonman oswa sekirite yon lokal, Pati Responsab yo dwe konsilte depatman sante lokal yo a sou dènye nòm CDC ak DOH yo sou kantite jou karantèn minimòm yon anplwaye dwe pase anvan li kapab san danje retounen nan travay avèk prekosyon anplis pou redui risk transmisyon COVID-19 la.
  - Si yon anplwaye te gen kontak rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19 pandan yon peryòd pwolonje EPI li gen sentòm, anplwaye a dwe fè Pati Responsab yo konn sa epi suiv pwotokòl ki pi wo a pou yon ka pozitif.
  - Si yon anplwaye te gen kontak sere avèk yon moun ki gen COVID-19 pandan yon peryòd pwolonje EPI li PA gen sentòm, anplwaye a dwe fè Pati Responsab yo konn sa epi respekte pratik ki annapre yo anvan ak pandan woulman travay li, epi Pati Responsab yo dwe dokimante l:
    - 1) Kontwòl regilye: Depi anplwaye a pa fè tanperati ni li pa gen sentòm, li dwe siveye tèt li sou sipèvizyon pwogram sante nan travay patwon li an.
    - 2) Mete mask: Anplwaye a dwe toujou mete mask sou figi li pandan li nan lye travay la pandan 14 jou depi dènye kontak la.

- 3) Distans sosyal: Anplwaye a dwe kontinye pratik distans sosyal yo, sa gen ladan kenbe, omwen, yon distans sis pye de lòt moun.
- 4) Dezenfekte ak netwaye espas travay yo: Kontinye netwaye ak dezenfekte tout zòn yo tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman elektwonik plizyè moun itilize regilyèman.
  - o Si yon anplwaye gen sentòm lè li rive nan travay oswa li vin malad pandan jounen an, yo dwe separe anplwaye a epi voye l lakay li touswit, dapre pwotokòl ki pi wo a pou yon ka pozitif.

## B. Retrase ak Suiv

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante lokal la ak DOH konn sa touswit lè yon travayè nan lokal yo a mete yo okouran yon rezilta tès COVID-19 pozitif.
- Nan ka yon anplwaye, yon vizitè, oswa yon kliyan ki te an kontak nan biznis la gen tès pozitif, Pati Responsab yo dwe kopere avèk depatman sante lokal la pou retrase tout kontak nan lye travay la epi mete depatman sante a okouran tout anplwaye ki enskri ak vizitè/kliyan (si sa aplikab) ki te antre nan magazen an nan 48 èdtan anvan anplwaye a te kòmanse gen sentòm COVID-19 oswa te gen tès pozitif, kèlkeswa sa ki pi bonè a, men yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo egzije li.
- Depatman sante lokal yo pral mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou deplasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye yo avèti yo te an kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrase yo, suiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay patwon yo kou yo fin avèti yo epi yo dwe suiv tout pwotokòl obligatwa yo kòm si yo te ekspoze nan travay.

## IV. PLAN PATWON AN

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite nan lokal la kote pou tout moun wè. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

### Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit wèb sou Nouvo Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New Yor la  
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit wèb sou Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo  
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit wèb sou COVID-19 Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay la  
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

### Nan lyen ki pi ba a, afime ou li ak konprann obligasyon w pou w fonksyone konfòmman ak rekòmandasyon sa yo:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>